



Èske ou ansent?

Ou kapab jwenn avantaj pou
pran swen nan men yon doula

Kisa yon doula ye?

Yon doula se yon asistan pwofesyonèl matènèl, ki pran fòmasyon, li bay sipò ki pa medikal ak èd li nan koze akouchman ptit ou epi:

- Li ede w prepare ak reyalize plan akouchman ptit ou
- Li gide w epi sipòte w lè w gen tranche ak lè w ap akouche
- Li ede w fè alètman pou tibebe ki fenk fèt epi li ede w pran swen li

Etid yo montre moun ansent ki pran sèvis nan men doula yo:

- Fè mwens tan ak tranche
- Gen mwens chans pou yo fè yon sezaryèn (seksyon-C)
- Akouchman souvan pase pi byen

Kijan ou ka jwenn yon doula?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ gratis Citywide Doula Depatman Sante NYC la ak lòt sèvis doula pwofesyonèl nan NYC, rele **311**, ale sou sitwèb **nyc.gov/health/doula** oswa eskane kòd QR ki adwat la.

